

POU : Komite Skolè Boston
SOT NAN MEN : Jeremiah Hasson, Direktè OLR (Biwo Relasyon Travay)
KOPI POU : Mary Skipper, Sipèntandan Lekòl Piblik Boston (BPS)
Sam Depina, Depite Sipèntandan Operasyon
Neva Coakley, Chèf Sèvis Sekirite
Rae Catching, Chèf Kaptial Imen (Resous Imen)
Megan Costello, Konseyè Prensipal

OSIJÈ : Akò Negosyasyon Kolektif – Ofisye Siperyè yo

Dat la : Mèkredi, 22 mas, 2023

Sou baz rekòmandasyon ekip negosyasyon ki te deziyen nan non Komite Skolè Boston an pou negosye yon nouvo akò negosyasyon kolektif avèk Federasyon Ofisye Siperyè Polis Lekòl Boston an (« Boston School Police Superior Officers Federation) tanpri egzamine e egzekite akò memorandòm ajou a ki vin ansanm ak lèt sa a. Pou rann rechèch ou pi fasil, mwen detaye enfòmasyon enpòtan yo anba a :

Pwen Enpòtan yo

Dire 1ye Kontra a se : apati 1ye jiyè, 2020 jiska 30 jen, 2021 (pou salè sèlman-retwoaktif, sètadi : pou tan pase)

Salè yo :

- Ane Fiskal 2021 : 2%

Pwen Enpòtan yo

Dire 2yèm Kontra a se : apati 1ye jiyè, 2021 jiska 30 jen, 2024

Salè yo :

- Ane Fiskal 2022 : 2,5%, ansanm ak yon sèl peman 1.000\$
- Ane Fiskal 2023 : 2,5%
- Ane Fiskal 2024 : 2,5%
- Ogmantasyon nan bous pou sètifikasyon CPR (Reyanimasyon Kadyorespiratwa, kòmanse apati 600\$ pa ane jiska 750\$

Chanjman nan langaj yo :

- Yon definisyon pataje konsènan inifòm anplwaye yo ki klarifye e kodifye
- Mizajou sou langaj ki konsène jou fèt yo pou ajoute fèt « Juneteenth » la, pou chanje jou fèt Kristòf Kolonb nan a Jou Pèp Endijèn/Pèp Endyen (« Indigenous People's Day »), pou rann jou fèt relijye yo pi enklisif pou enkli plis lòt fòm relijyon
- Langaj revize relatif a Konje Militè ak Konje Paran, pou l kapab aliyen avèk regleman Vil Boston yo